Gusubiramwo kwigenga: Uwurega arashobora kugira gusaba kwanditse ku wumukuriye kugira habeho gusubiramwo kwigenga kw'ikibazo mu gihe uwurega (1) yumva ko ishuri ritize neza ikirego kandi ritashoboye kugira itohoza ry'ikibazo kuko ishuri ryafashe ko inyifato itari iyo guhohotera, (2) atanyuzwe n'ingingo yanyuma yafashwe inyuma y'itohoza ko habayeho guhohotera, canke (3) yumva ko naho ingingo yanyuma yafashwe ko habayeho guhohotera ariko idahwanye no gukosora ikibazo. Isubiramwo ryigenga ritegerezwa gukorwa n'umuntu ataho yegamiye bijanye n'itegeko.

Gusaba vyihutirwa: Umuntu wese vyagaragaye ko yagiye mu bikorwa vyo guhonyanga, guhohotera no/canke gutwengana arashobora gusaba vyihutirwa kugaragaza no/canke ibikorwa vyakozwe bijanye no gukosora, ubwo nyene



Kwitaho amenyo ku Ikigo c'ubugirigiri buri mu bikorwa

Ibice vy'ishuri biraba amenyo ku mavuriro y'ikibano ca Burlington (CHC) vyagenwe ngo bishireho servise ku banyeshuri ba ntahonikora ba Burlington badafise igice c'amenyo iwabo. Vyatangujwe mu 2004 hamwe na BSD, abanyeshuri barashobora guhera kw'ishuri canke bakarungikwa kuri CHC ku bwa servise z'amenyo ku Ikigo c'ubugirigiri buri mu bikorwa. Ibice vy'ishuri biraba amenyo bitanga kwitaho amenyo bibandanya ku muni w'ishuri bikanatanga kunguruzwa mu kuja no mu kuva ku mashuri ku bwa gahunda kuri IAA. Abakozi baratanga inyigisho ku magara zijanye n'isuku ryiza ryo mu kanwa, ivyiza vyo kurya indya nziza ku mgara, ukuntu wokingira kumwenyura kwawe ubuzima bwose, n'ibindi. Abafasha kwigisha b'amenyo baranafasha mu papuro zo kwiyandikisha no guhuza abanyeshuri no kwitaho amenyo. Hamagara (802) 652-1050 nimba umwana wawe atarabonye umuganga w'amenyo umwaka umwe, canke adafise igice c'amenyo iwabo. Igice c'amenyo c'ishuri gitanga kwitaho amenyo ku mwana wese wa BSD yiga muri k-12 afise Medicaid canke adafise siranse, CHC itanga gahunda y'amahera yo gufasha abatujwe ibisabwa vya Medicaid.

Ku yandi makuru ajanye na gahunda y'amahera yo gufasha, hamagara Servise zifata mu mugongo umurwayi za CHC kuri (802) 264-8124.

Mu mwaka w'ishuri 2024-2025, twakoreye hanzu y'ubururuko bushira ubuseruko bwacu kw'ibarabara rya Pine. Turategukanya kugaruka aho ivuriro ryacu ribarizwa muri Integrated Arts Academy mu mpera z'umwaka 2025. Nitwagaruka muri IAA, turategukanya integuro y'ivuriro isa n'iyi twari dufise mu mwaka w'ishuri uheze. Nimba ufise ibibazo, wohamagara (802) 652-1050 ku bundi bufasha.

Mu mwaka w'ishuri wa 2024-2025:

- Twitayeho abanyeshuri 235.
- Abana baronse kozwa kurenga 319 hamwe n'utwogesho tw'amenyo ku buntu, umuti w'amenyo n'udusakoshi.
- Abana 80 bashasha baraje muri gahunda yo gukurikirana amenyo.

(Birabandanya ku rupapuro rukwirikira)

Kwitaho amenyo ku Ikigo c'ubugirigiri buri mu bikorwa (ibibandanya)

- Guhoma 546 vyarakozwe.
- Twitayeho abana 8 bari bakeneye kwitabwaho kwihutirwa mu gihe bari bari kw'ishuri.
- Abana 65 barungitswe ku biro vy'inararibonye ku bijanye n'ibihanitse vyari bikenewe



Uturyo two kwiga ivyisumbuye

Uturyo two kwiga ivyisumbuye twa Burlington dutera iterambere ry'umubano n'ubumenyi vy'abanyeshuri ba BSD barenga 1,300 buri mwaka biciye muri gahunda nziza z'inyuma y'ishuri no mu ci mu bibanza bituma habaho kwiyumvanamwo hagati yabo, abakuru, n'ikibano. Iyo gahunda yah servise abanyeshuri ba K-12, ikora imisni yose inyuma y'ishuri gushika 17-17:30 inyuma ya sa sita hamwe no mu ndwi zitanu zo mu ci. Gahunda zitanga ibikorwa guhera ku gushigikira ubumenyi bwo kw'ishuri no kwidagadura, gushika ku buyobozi bw'umunyeshuri no kwiga servise zo mu kibano. Gahunda imwe imwe yose ikoranira hafi kandi n'abifadikanyije barenga 50 kugira hatangwe uturyo nko gutwara ubwato, kubaza, uburezi bujanye n'ikibano, ubuhinga bw'am mashini akoresha ubwenge ya LEGO, ubugirigiri n'ibindi. Ja kuri www.bsdt.org/expanded-learning ku bijanye n'amakuru yo kwiyandikisha, canke uhamagare **Diregiteri wa ELO Emma Steer** kuri (802) 540-0285, ext. 71200.



Gahunda z'indimi nyinshi

Igisata c'abiga indimi nyinshi (ML) gitanga serevise ku banyeshuri barenga 500 umwaka ku mwaka. Gahunda ishigikira abanyeshuri bavuga urundi rurimi canke bakuriye mu ngo aho icongereza atari rwo rurimi rwonyene rwavugwa. Gahunda z'indimi nyinshi iratanga kandi gushigikira ku miryango, nka serevise zo gusigura no guhuza, uturyo two kwiga kw'abakuze n'ukw' umuryango, n'ibindi. Mu mategeko y'igihugu y'urwandiko rwa Umunyeshuri wese aratsinda, abanyeshuri batarashika ku bumenyi bukwiye mu congereza bazwi nk'abiga icongereza (EL).

(Birabandanya ku rupapuro rukwirikira)

ku buyobozi bw'ishuri. Ubwoyizi bwokora isubirwamwo ku vyabitswe. Urwego rwemewe rwo gusubirwamwo rikozwe n'ubuyobozi rushobora gusanga ko igikorwa co guhonyanga, guhohotera, no/canke gutwengana cabayeho kikitwa kurenga ku mbibe z'ibanga ku wabibonye ku rwego rw'ishuri. Gusaba gukwiye gukorwa ku buyobozi bw'ishuri mu minsi icumi ikwirikiye gusanga ko habayeho igikorwa co guhonyanga, guhohotera no/canke gutwengana no/canke ikosora ryose ryamenyekanishijwe. Ubuyobozi bwotegura ico kibazo kugira humvwe isubirwamwo mu nama izokwirikira y'ubuyobozi bw'ishuri mu buryo bushoboka, ariko bitarengaje iminsi 30 ikwirikiye iyuzuzwa ryo gusaba.

Kwihora: Kwihora umuntu yatanze ikirego c'ihohoterwa canke afasha mu guperereza ihohoterwa kirazira, bishingiye ku bihano bitandukanye, n'abakwirikirana batemewe n'amategeko kuri 9 V.S.A. 4503(a).

Ubwigenge: Ibirego n'izindi ngaruka zizogirwa ibanga nkuko bisabwa mw'itohozo, inshingano zo gukora ku bizovamwo, korohereza amategeko y'ibibitswe rusangi vya Vermont, kandi bijanye n'urwandiko rw'uburenganzira bw'uburezi mu muryango.

Ubundi buryo bwo kurega: Ibirego vyo guhohotera birashobora gutangwa kuri : **Diregiteri w'umucungararo, Ibiro vy'uburenganzira bw'umunyagihugu, Igisata c'uburezi ca reta zunze ubumwe, etaje ya 8, Post Office Square ya 5, Boston, MA 2109-3921; Email: OCR.Boston@ed.gov, (617) 289-0111 (TDD);** canke komisiyo y'uburenganzira bwa zina muntu ya Vermont, 14-16 Baldwin St., Montpelier, VT 05633-6301, Email: human.rights@state.vt.us, (800) 416-2010 (Ijwi) canke (877) 294-9200 (TTY).

Kubaza ivangura na/canke guhohotera abakozi n'abandi: Mu ncamake, ivangura na/canke guhohotera umukozi canke uwundi muntu akingiwe n'amategeko yavuzwe aha hasi, hashingiye ku bikwirikira bijanye n'ubwoko bwiwe, igihugu aturukamwo, ibara, umugwi, idini, imyaka, igitsina (harimwo ariko bitagarukira ku guhohotera gushingiye ku gitsina, kwibungenga, uko abavyeyi bahagaze), ubumuga, amahitamwo ajanye n'igitsina, ibiranga igitsina, kwerekana igitsina uri co, ibisokuru, kuba wubatse canke utubatse, aho wavukiye, aho wegamiye muri poritike ni uburyo bwo kuvangura butemewe n'amategeko kandi bubujijwe n'itegeko ry'ishuri ry'akarere nk'uko bivugwa ku Mutwe wa V, Igice ca B, 504 c'urwandiko rwo kugarukana rwa 1973, 29 U.S.C. § 794, et seq.; Umutwe wa VI w'urwandiko rw'uburunganzira bw'umunyagihugu rwa 1964, 42 U.S.C. § 2000d, et seq.; Umutwe wa VII w'urwandiko rw'uburenganzira bw'umunyagihugu rwa 1964, 42 U.S.C. § 2000e, et seq.; Umutwe wa IX w'impinduka z'uburezi za 1972, 20 U.S.C. § 1681, et seq.; Igihe c'ivangura ca 1975, 29 U.S.C. § 623, et seq.; Abanyamerika bafise

ubumuga muri 1990, 42 U.S.C. § 12101, et seq.; Itangwa r'akazi riringaniza, 21 V.S.A. Chpt. 5, subchpt. 6; Impinduka rusangi, 9 V.S.A. §§ 4500 et seq. zose nk'uko zishobora guhinduka.

GUTORA UMWANA

Bijanye n'ivyashizweho vy'igihugu, ishuri ry'akarere ka Burlington rigamiye gutora, kumenya, no gusuzuma abana kuva bavuze gushika bagize imyaka 21 y'amavuko bashobora kuba boronswe uburezi budasanze na servise bijanye.

Nimba weka ko umwana wawe afise ubumuga akaba ari hagati yo kuvuka n'imyaka 5 y'amavuko, hamagara gahunda y'uburezi butangura kuri **(802) 864-8463**. Nimba umwana wawe ari hagati y'imyaka 5 na 21, hamagara serevise zo gushigikira umunyeshuri kuri **(802) 864-8456**.

INYIFATO

Mu myaka iheze, akarere karokozwe mu kwubaka umurongo w'inyifato ishingiye ku gusubizaho. Mu nzira imwe n'integuro yacu (Ibiza imbere vya 5: Ikibano gishingiye ku mubano kibicishije mu bikorwa bisubizaho) n'ivyashizweho vy'intara bisaba ko uturere tugira uburyo bwo kwerekana inyifato y'abanyeshuri, twakoze tunatangura gukoresha umurongo usubizaho w'inyifato, ushobora gusanga ku gice "Abanyeshuri n'imiryango" c'urubanza rwacu www.bsdt.org.

Abanyeshuri, imiryango, n'abakozi basabwa gukurikiza umurongo w'inyifato isubiza w'akarere. Ikindi, abanyeshuri bose ba BSD basabwa gukurikiza ibisabwa bijanye n'inyifato ku muni w'ishuri, mu ma bisi y'ishuri, mu ma bisi rusangi, no bikorwa vy'ishuri. Abakozi bafise inshingano zo gushiraho no kubungabunga ahantu hatara iyo nyifato. Imiryango n'abakozi, basangiye inshingano zo gutera inyifato nziza hagati ya bose mu karere. Mugabo, inshingano nyezina irir mu banyeshuri n'abavyeyi/ababarera babo. Abavyeyi/ abarera bazobimenyeshwa umwana wabo niyateza ikibazo canke umutekano muke.

Ingingo zijanye n'inyifato ikiwiye zakorewe kwigisha abanyeshuri kwemera inshingano z'inyifato yabo. Inyifato itabereye izomenyekanishwa biciye mu buryo busubizaho kandi abanyeshuri bazobazwa inyifato yabo. Ingaruka yose izovamwo izokorwa hakurikijwe uburenganzira mu uburyo bubereye kugira umunyeshuri ahanwe ku rugero rusabwa n'amategeko.

Guhagarikwa/Guhagarikwa kw'igihe kirekire/

Kwirukanwa: Abanyeshuri barashobora guhagarikwa canke kwirukanwa ku bwo kurenga ku mategeko y'ishuri canke amategeko y'ubuyobozi bw'ishuri, canke kugira inyifato mbi kwishuri canke hanzwe y'ikibanza c'ishuri. Guhagarikwa

kurengeje iminsi 10 no kwirukanwa bishirwaho gusa n'umukuriye no kumvirizwa n'ubuyobozi bw'ishuri. Ubuyobozi bw'ishuri bushobora kwirukana umunyeshuri amaja mu mpera z'uwo mwaka canke iminsi 90 y'ishuri, icoba kirekire muri vyo.

Ingingo zo Guhana: Ingingo zo guhana zikwiye gushirwaho bijanye n'uburenganzira n'uburyo bukwiye bw'umunyeshuri ariko arahanwa ku rugero rusabwa n'amategeko.

Ibikorwa vyo gusubizaho: Ibikorwa bisubizaho bikurikiranwa mu kwubaka umubano no gusubiramo kubaka kugira hakorwe akaranga ko kuringaniza no kwisanga bivamwo gukura no kwiga. BSD rifata ibikorwa bisubizaho rigatuma bose, harimwo n'abababajwe, ivyo bakeneye n'ivyo bacyemwo bihabwa agaciro bikagira n'ico bikorwako, gutyo hakabaho umutima wo gufata mu mugongo mu guhabwa ububasha kuri bose. Mu bihe bimwe bimwe, abanyeshuri barashobora gutandukanywa n'inyubakwa y'ishuri bagenewe, ariko ntibatandukanywe n'uburezi bwabo.

Ibiyayuramutwe/Inzoga: Nk'uko bisabwa n'amategeko ya reta ya Vermont (Umutwe wa 16, Igice 1165, 909), amashuri ya Burlington arafise urwandiko rutahuritse rwo kwirinda ibiyayuramutwe vya K-12 n'inzoga. Ikindi, gahunda zo kumenyereza abigisha, gufata mu mugongo no kurungika, kwumvikana kurungika n'ishami ry'ubuvuzi ryemejwe, itegeko ryemejwe n'ubuyobozi bw'ishuri, no kuba hariho kumenyekana kw'ikibazo mu karere kose.

Itabi: Ikoreshwa iryariyoye ryose ry'itabi, mw'iforoma iyariyoye yose canke ku kigo c'ishuri icarico cose (harimwo itabi, imisogoto, guhekenya, inkono y'itabi canke ibindi) birabujijwe n'amategeko. Inkono y'itabi n'ubundi buryo bufatwa nk'ibiva mw'itabi na vyo nyene birabujijwe.

UBURYO BWO GUFATA MU MUGONGO UBUREZI

Intumbero y'uburyo bwo gufata mu mugongo y'ishuri ry'akarere ka Burlington ni uguha abanyeshuri ubundi bufasha canke kurenga ku bibazo biri ahantu ho kwigira muri rusangi. Ishuri ryose ryo mu karere kacyiye umugwi wo gufata mu mugongo uburezi (EST), wemera kurungika abanyeshuri bafise ibibaraje ishingira vy'ishuri na/canke vy'inyifato. Ibi bifasha abigisha gutegurira abanyeshuri bakeneye ubufasha burenzeko mw'ishuri canke mu bikorwa bindi vy'ishuri. Uyu mugwi wegeranya ivyavuye mu bikorwa vy'awo, birabirwako n'integuro y'ishuri mu gihe co kubaka ububasha b'uburyo bwose bwo gufata mu mugongo uburezi.

Nimba ukeneye kumenya ibindi ku bijanye n'uburyo bwo gufata mu mugongo uburezi, vugana n'umuyobozi mukuru w'ishuri ryawe canke umujenama w'ishuri.

IKORESHA RYITAWeho RY'INGURUKANABUMENYI NA MUDASOBWA

Ishuri ry'akarere rya Burlington rimeze ko ubuhinga bwa none (IT) ari ingirakamaro cane mu kwiga no gutanga uburezi abana b'ubu bagatsinda mu kibano rusangi kandi rirafata mu mugongo cane ikoreshwa ivyuma vy'itumanako ku banyeshuri n'abakozi. Intumbero y'iryo tegeko ni:

1. Gukora ahantu hatara ikoreshwa ry'ubuhinga bwa none mu buryo bufata mu mugongo kandi bwongera ivyateguwe, hatanga uturyo two kuvugana, kandi haduza iterambere ry'abakozi.
2. Gutuma akarere gafata ingingo zibereye mu kubungabunga umutekano w'umwe umwe wese akoresha ubuhinga bwa none ku bikorwaho vy'akarere, ngurukanabumenyi, n'ibiri ku mbuga.
3. Korohereza ibisabwa bishobora gushirwa mu ngiro vy'amategeko y'igihugu na reta bitanga ikoreshwa ry'ingurukanabumenyi n'ibindi vuma vy'itumanako vy'amashuri y'uturere.

Ishuri ry'akarere rya Burlington riha abanyeshuri n'abakozi ikoreshwa ry'ibintu vyinshi vy'ubuhinga bwa none harimwo n'ingurukanabumenyi. Ivyo bintu bitanga uturyo two kuduza kwiga no kwigiza imbere kuvugana hagati y'ikibano cacu n'ikibano ca kure muri rusangi. Mugabo akarusho ku kuronsa iryo koresha bizanana n'ishingano ku banyeshuri, abigisha, abakozi n'abantu muri rusangi gukoresha ivyo bintu mu buryo bwitaweho. Ikoreshwa n'abanyeshuri, abakozi, canke ibindi vy'ubuhinga bwa none vy'akarere ni akarusho, si uburenganzira. Ayo mategeko nyene n'ivyizewe ku banyeshuri kw'ikoreshwa ry'ivy'ubuhinga bwa none biraraba n'izizindi nyifato z'umunyeshuri no kuvuana, harimwo ariko bitagarukira ku vyanditswe vy'akarere vyo guhohotera no gutwengana.

Ibintu vy'ingurukanabumenyi na mudasobwa vy'akarere ni ivy'akarere. Ababikoresha bakwiye kutitega kwigenga mu vyo bakora vyose, babika, barungika, baronka canke berekana kuri canke hanzeyamudasobwa z'akarere canke ivy'ingurukanabumenyi, harimwo impapuro z'umuntu we nyene canke kuvugana guciye ku vyuma vy'itumanako.

Iri tegeko riraba umwe wese akoresha ingurukanabumenyi y'akarere, ibikorwaho vyo kuvugana no gutumanako, na/canke uburyo bw'amakuru y'umunyeshuri haba aho nyene canke kure y'aho, n'uwukoresha wese ivyuma vy'ubuhinga bwa none vy'akarere aho nyene canke ahandi.

Akarere ntikabazwa ikoreshwa ritemewe canke rirenze ku mbize zo kwigana canke ayandi mategeko,

Gahunda z'indimi nyinshi (ibibandanya)

Aba banyeshuri ni agace k'umugwi munini w'abanyeshuri bavugaga ururimi rutari icongereza, bafise gushirwa cane mu biga indimi nyinshi (ML).

Intumbero z'ibisata vyacu ni ugutanga ku banyeshuri bavugaga indimi zitandukanye ububasha bwo kuronsa iterambere mu vyigwa n'amahirwe mu burezi no hanzey'ivyigwa kandi bariko bariga n'icongereza. Ibi tubikora mu rukwirikirane rw'ubwumvikane, harimwo, ariko bitagarukira kuri, gahunda z'amashuri afasha kumenya icongereza atanga ubundi bufasha ku banyeshuri bashasha bakiza bafise umumenyi buke mu congereza, amabwirizwa no gushigikira kw'abahanga mu rurimi rw'icongereza, uturorero two kwigishiriza hamwe, ihuzwa ry'indimi nyinshi, Kaminuza y'abavyeyi, n'ibindi. Ku yandi makuru, ja kuri

www.bsdt.org/multicultural-support canke uhamagare Miriam Ehtesham-Cating, umuyobozi w'igisata ca ML, kuri mcating@bsdt.org.

Gahunda yo guhuza indimi zitandukanye.

Gahunda yo guhuza indimi (ML) zitandukanye ni ubutunzi bwisa bw'ishuri ry'akarere rya Burlington rifasha abanyeshuri bavugaga indimi zitandukanye n'imiryango. Irimwo guhuza indimi zitandukanye 11 gukora mu guhuza imiryango n'ikibano hamwe n'amashuri kandi bigafata mu mugongo abanyeshuri bavugaga indimi 10 zo muhira zitandukanye. Gahunda ya ML ikorana kandi n'abasiguzi bahamagarwa barenga 20 ku zindi ndimi bigafasha korosha kuvugana hagati yo muhira n'ishuri. Guhuza n'abasiguzi bakora bagendeye ku bikenewe n'abanyeshuri hafi ya 950 b'ishuri ry'akarere rya Burlington, Pre-K-12, bafise indimi zo muhira zitari icongereza, hamwe n'imiryango yabo. Hamagara umuhuza **Nijaza Semic** kuri **(802) 288-6048** canke nsemic@bsdt.org ku bibazo ivyarivyo vyose.

Kaminuza y'Umuvyeyi

Kaminuza y'Umuvyeyi igira ingendo yo kwishira no guhuza mu miryango mu mashuri yacu mu gihe ikomeza imikoranire hagati ya BSD n'ikibano cagutse ca Burlington. Iyo gahunda ifatanyaga n'ibiharuro bikura vy'amashirahamwe y'ikibano, hamwe n'ibisata vy'umuji n'intara, kugira hatangwe uturyo two kwiga ku bavyeyi, abavyeyi b'abavyeyi, n'abarezi mu bice 10 bitandukanye vyongera, bishiramo, kandi bigaha ububasha abavyeyi n'abarezi nk'abafatanyije bangana mu burezi n'ukugenda neza kw'abana babo. Umuvyeyi uwariwe wese wa BSD canke umuvyeyi w'umuvyeyi arahawe

Gahunda z'indimi nyinshi (ibibandanya)

ikaze kandi ahimirijwe kwiyaandikisha muri iyi GAHUNDA Y'UBUNTU; serve zo gusigura ziratangwa. Ku yandi makuru ajanye n'iyi gahunda, ja kuri:

www.bsdtv.org/our-schools/parent-university/ canke hamagara Denise Torrey kuri dtorrey@bsdtv.org canke (802) 488-5090.



Ahantu h'Umuyeyi/ Umuryango

Burlington iremera guha abavyeyi/abarera akaryo ko kugira uruhara mu burezi bw'umwana wabo n'ikibano c'ishuri. Abayobozi bakuru n'abigisha barakora kugira bubake imigenderanire myiza n'imiryango, n'imiryango yama ihawe ikaze ryo kubahamagara kugira bashireho inama zo gufata mu mugongo abanyeshuri babo.

Ishuri ritangura n'ishuri ryo hagati rimwe rimwe ryose rirafise ishirahamwe ry'umuyeyi-mwigisha (PTO) n'ishuri ryisumbuye rifise imigwi Seahorse Pride, Boosters club. Iyi migwi itanga uturyo twinshi ku miryango ngo igire uruhara, kuva ku kurema ibikorwa vyubaka ikibano gushika ku kwakira amanama no gutoza amahera. Kugira ugire uruhara muri PTO y'umwana wawe, hamagara ishuri ry'umwana wawe. Ishuri rimwe rimwe ryose rirafise, canke riteganyira kugira, imigwi ihanura, umwe w'imiryango uwundi w'abanyeshuri; ntuhamagare umuyoyobozi mukuru ukeneye ayandi makuru kuri ibi.

Icyongeraho, umuyobozi mukuru yakira imigwi njenama ibiri, umwe w'abanyeshuri, n'uwundi w'abigisha. Umugwi wose ufise n'imiburiburi abantu 12, harimwo n'imiburiburi umwe aserukira ishuri umwe kw'ishuri rimwe rimwe ryose mu mashuri yacu, mu ntumbero yo kugira iserukirwa rivanze kandi rishirahamwe ry'imiryango, abanyeshuri, n'abigisha bagize ikibano ca BSD. Menya n'ibindi ku migwi njenama kuri

www.bsdtv.org/superintendent-advisory-groups/.

Umuyobozi mukuru ashiraho kandi inama rusangi zisanzwe nk'izo gusangira ikawa.

Tutibagiye, abakoranabushake barahawe ikaze mu mashuri yacu. Hamagara ishuri ryawe ubwo nyene ushaka kumenya vyinshi ku turyo two gukorana ubushake. Ku bijanye n'ibigena gukorera ubushake n'ayandi makuru raba

www.bsdtv.org/wp-content/uploads/2023/01/B2-Procedure-01.10.2023.pdf.

amakosa y'uwukoresha canke kutitaho, n'ibiciro vyatewe n'uwukoresha. Akarere ntigafise inshingano zo gutuma habaho ukuri, ibibereye imyaka, canke ikoreshwa ry'amakuru asanzwe ku vyuma vy'itumanako vy'akarere harimwo n'ingurukanabumenyi. Akarere ntigafise inshingano z'ivyononekara, harimwo, ariko bitagarukira ku gutakaza canke guhagarika serve. Akarere ntigafise inshingano zo gutuma habaho ukuri canke ubwiza bw'amakuru asanzwe ku vyuma vy'itumanako vy'akarere harimwo n'ingurukanabumenyi, canke ibitegetswe vy'amahera biza mw'ikoreshwa ritemewe.

Akarere karafise uburenganzira bwo guhagarika uturusho na/canke gutanga ibihano iyo habaye ikoreshwa ribi ry'ivy'ubuhinga bwa none. Mu rico gikorwa harimwo ko uwukoresha iyo arenze kuri iri tegeko, ishuri ry'akarere kazofata mu minwe ibijanye n'ibihano vy'uwo munyeshuri biri mw'itegeko. Ibimenyetso vy'umukozi yarenze kuri iri tegeko bizokurikiranwa bijanye n'ivyumvikanyweko n'ibisabwa n'amategeko.

Uwukuriye afise inshingano zo gushiraho ivyanditse bigenga ikoreshwa ry'ivy'ubuhinga bwa none.

IMYAKA YO KWINJIRA

Abanyeshuri baba muri Burlington bokwiyandikisha mw'ishuri ry'ibinyoni bafise imyaka itanu imbere y'itariki ya mbere Nyakanga y'umwaka bashaka kwiyandikishamwo. Nimba umunyeshuri afise imyaka itandatu imbere y'itariki ya mbere ya Nyakanga bokwiyandikisha mu mwaka wa mbere.

Kwinjira kare mw'ishuri ry'ibinyoni

Mu kugerageza gukorera ku bikenewe n'umwana wese, nka serve, ishuri ry'akarere ka Burlington kazoraba gusaba kwinjira kare mw'ishuri ry'ibinyoni kw'anayeshuri bafise itariki y'amavuko iri hagati ya 1 na 30 Nyakanga. Nimba wipfuzako umwana wawe aronka aka karyo, hamagara gahunda y'uburezi butangura y'ishuri ry'akarere rya Burlington kuri (802) 864-8463.

IBIPIMO VYO KUMVA NO KUBONA

Amashuri arasabwa gusuzuma umwaka ku wundi kumvwa no kubona vy'abanyeshuri mu karere k'amashuri y'abo muri PreK, K, mu myaka ya mbere, gatanu, gatanu, indwi, icenda, na cumi na kabiri. Abavyeyi bararekuriwe gukura abana babo mu masuzumwa nk'ayo bakabimenyesha abayobozi b'ishuri ku ya 1 Nyakanga.

IMITI MU MASHURI

Umuyeyi/ Uwurera ategerezwa kuzuza umwaka ku mwaka urupapuro rusaba (ruriho ku rubuga rwacu) kuronswa imiti

itangwa mu masaha y'ishuri. Gusaba kwanditse kuvuye ku wuvura kurasabwa. Imiti itegerezwa kuzanwa kw'ishuri mu kiyipfundikiye vyakoranywe kiriko izina ry'umunyeshuri n'ukuntu ifatwa. Umuti uzoguma wugaraniwe ahantu n'umuforomo w'ishuri kiretse ari umuti wihutirwa worokora ubuzima. Hamagara umuforomo w'ishuri nimba ufise ibibazo ivyarivyo vyose bijanye n'umuti kugira umenye neza integuro ijanye n'amagara nimba umunyeshuri wawe afise asima, gufureka canke iyindi ndwara idakira isaba integuro yo gukorerako yihutirwa.

ABARONDERA ABASIRIKARE/ ABAHEJEJE AMASHURI YISUMBUYE

Abavyeyi barashobora gusaba ko urutonde rw'aho baba na terefone rutatangwa ku barondera abasirikare canke abahejeje amashuri yisumbuye hatabanje kubaho amasezerano yanditse y'abavyeyi. Ku yandi makuru, vugana n'umuyobozi mukuru w'inyubakwa yawe.

KUTAVANGURA

Ishuri ry'akarere rya Burlington n'abakozi baryo bose ntirivangura abakozi na/canke abasaba akzi, canke abanyeshuri rishingiye ku rukoba, igitsina(harimwo ariko bitagarukira ku, kwibungenga, abavyeyi, no kuba umuntu yubatswe canke atubatswe), ibara, imyaka, umugwi, idini, ubumuga, ibisokuru, aho wavukiye, igihugu uturukamwo, kuba wubatswe canke utubatswe, aho wegamiye muri portitike, amahitamwo ajanye n'igitsina, ibiranga igitsin uri co, canke uko werekana igitsina uri co ku rugero rutangwa n'amategeko y'ubuyobozi.

Iri tegeko ryo kutavangura rirashikira ibikorwa vyo gutanga akazi n'uburezi vy'ishuri ryose ry'akarere. Ikindi, ubuyobozi bw'ishuri buzofata intambwe mu guha akazi abantu bemewe bafise ubumuga muri gahunda zakira ubufasha bw'igihugu biciye ku rwandiko rwo guteza imbere uburezi b'umuntu afise ubumuga.

Abakozi, abasaba akazi, n'abanyeshuri barahimirizwa gukoresha ivyanditse y'indani mu karere vyo kurega mu gutorera umuti ibirego vyose bashobora kugira bijanye no kuvangura ku mategeko y'igihugu kw'ishuri ry'akarere no kuvangura. Abakozi bose b'ishuri ry'akarere rya Burlington bazovugana bikwiye mwitohaza iryariryo ryose rizokorwa biciye kuri ibi vyanditswe kandi bakwiye kuba abanyakuri kandi bakaba abashingantahe mu kuzana amakuru yose akenewe. Ikindi kirenze kuri ibi vyanditswe vy'indani vyo kurega, ibindi vyanditswe vyo kurega biriho kandi birakoresha ku rubuga rw'akarere canke mu biro vy'umuyobozi mukuru.

Umuhuza w'umutwe wa VI w'akarere, Umuhuza w'urwandiko rw'igihe c'ivangura ry'imyaka, n'umukozi

w'umuhuza w'urwandiko rw'abanyamerika bafise ubumuga ni **Michelle Meola**, Diregiteri w'abakozi n'ibintu; (802) 864-2159 canke (800) 253-0191 (TDD). Umuhuza w'abanyeshuri w'urwandiko rw'abanyamerika bafise ubumuga n'umuhuza wa \$504 ni **Kellie Klasen**, Diregiteri ashira mu ngiro wa service zo gufata mu mugongo abanyeshuri; (802) 864-8456 canke (800) 253-0191 (TDD).

Umuhuza w'umutwe wa IX ku bakozi, abanyeshuri, abavyeyi, n'abandi nk'incuti, abatumire canke abashitsi, ni **Sparks**, Diregiteri w'uburinganire; (802) 865-5332 canke (800) 253-0191 (TDD).

Abahuza bavuzwe haruguru barashobora gusangwa kw'ishuri ry'akarere rya Burlington, Uruhande rwa 150 Colchester, Burlington, VT 05401. Ku makuru yisumbuye hamwe n'amakuru yasubiwemwo bushasha ja ku rubuga rw'akarere kuri www.bsdt.org canke hamagara **Human Resources** kuri (802) 864-2159 canke (800) 253-0191 (TDD).

Isaba rijanye no gushira mu ngiro itegeko ryo kutavangura bishobora kurungikwa kuri Diregiteri w'umucungararo, Igisata c'uburezi ca reta zunze ubumwe, ibiro vy'uburenganzira bw'umunyagihugu, Ilkibanza c'ibiro ca 5 etaje ya 8/ icumba 900, Boston, MA 02109-3921; Terefone: (617) 289-0111, Fax: (617) 289-0150, canke komisiyo y'uburenganzira bwa zina muntu ya Vermont, Ibarabara 135 State, Drawer 33, Montpelier, VT 05633-6301, human.rights@hrc.state.vt.us, (800) 416-2010 (Voice/TTY); canke (802) 828-2480 (Voice/TTY).

Abakozi canke abasaba akazi babona ko bakorewe ivangura bakwiye guhamagara komisiyo ya reta zunze ubumwe y'uturonyo tungana two kuronka akazi, Ibarabara 33 Whitehall, etaje ya 5, New York, NY 10004, canke ubahamagare kuri iyi numero itariha: (800) 669-4000; (800) 669-6820 (TTY).

NOMERO Z'UMUVYEI/UWURERA

Guma uha amakuru ishuri ajanye n'inomero zohamagarwako vyihuta aho umuntu afise uburenganzira bw'umuvyeyi canke bw'uwurera umunyeshuri wawe ashobora gutorwako mu gihe utari muhira. Iyo numero ya terefone y'aho umuvyeyi/uwurera akorera canke inomero z'umubanyi zizokoresha mu gihe c'ivyihutirwa gusa, nk'indwara canke isanganya.

URWANDIKO RWO KURINDA UBURENGANZIRA BW'UMUNYESHURI

Ku rwandiko rw'igihugu rwo kurinda uburenganzira bw'umunyeshuri, abavyeyi/abarera barafise uburenganzira bwo kuronsa amakuru ku kibazo icarico cose gikoreshe umwana n'uwundi muntu gituma hatangwa amakuru yiwe, ibibazo rusangi canke bitihutirwa, amasuzumwa yimbitse canke

ubushakashatsi. Abavyeyi/ Abarezi barafise uburenganzira bwo guhitamwo gukura abana babo muri ivyo bibazo kandi barafise uburenganzira bwo kugenzura ibazwa na/canke igikoreshe gishaka gukoreshwa iryo suzumwa canke ubwo bushakashatsi. Ikindi, urwandiko rutanga uburenganzira bwo gusuzuma ibikoreshe vyose bikoreshe mu ruhererekane rwo kwigisha.

KWUGARA ISHURI

Bibaye ngombwa ko amashuri ya Burlington yugagwa umunsi wose, amatangazo azokorwa biciye ku buryo bwo gutumanako bw'ishuri inyuma y'isaha cumi na zibiri zo mu gitondo. Imboneshakure yo ngaho n'iradiyo, urubuga rwacu, n'izindi mbuga za BSD bizomenyeshya kugarwa. Amatangazo yo kw'itumanako azorungikwa achiye ku materephone ahujwe, email, n'ubutumwa bugufi. Ni ngirakamaro ko amashuri yogira amakuru inomero zasubiwemwo bushasha kandi za nyazo z'itumanako ry'ishuri. Urashobora gushubiramo bushasha amakuru y'inomero zawe ku bw'itumanako nko gushubiramo bushasha vy'umwaka ku mwaka biciye ku buryo bwo kwiyandikisha bwa PowerSchool. Ku muni w'ishuri, ibintu bitateganyijwe birashobora kuba bisaba kugara ishuri rimwe canke yose ya Burlington. Iyo ngingo izofatwa n'ibiro vy'uwukuriye, yabivuganyeko n'abayobozi babereye nk'abayobozi bakuru b'amashuri, Diregiteri wa service z'ikibanza, na/canke igisata c'inyamiramabi ca Burlington. Imenyeshwa ry'iyi ngingo rizokorwa imbere y'igihe cane bishoboka, naho ibihe bimwe bimwe bishobora gusaba gukuraho abanyeshuri.

UMUTEKANO W'ISHURI

Ishuri ry'akarere rya Burlington rikwirikiza amabwirizwa y'ishuri ry'uburezi n'iciraro c'umutekano w'ishuri ca Vermont. Tubandanya dukora kugira twongereze kandi duhinyanyure ingingo z'umutekano no kumererwa neza kw'abantu. Urwandiko rw'ibikorwa vyose vyoteza ibibazo n'umugwi utabara n'ingoga mu karere kose vyarashizweho kugira abakozi b'ishuri bahabwe ubutabazi mu bihe bidasanze/umutekano. Icyongerako, ishuri ryose rifise umugwi w'aryo w'ibihe bidasanze vy'umutekano uhura mu buryo bwamaho n'umugwi nyobozi w'umutekano w'ishuri mu karere kose, harimwo n'ababarizwa mu gisata ca polisi n'umuriro, uhura ukwezi ku kwezi.

Akarere karafise urutonde rw'inkurikirane zo gukura gushemeye zashizweho mu gufasha abakozi gutabara mu muryo bwamaho kandi bunyarutse mu gihe c'ivyihutirwa. Muri 2019-20, gukura gushaingingiye ku mahitamo "Iruka, Inyengeze, Gwana" vyarongewemwo muri izi nkurikirane nk'uburyo bwo kurinda ubuzima bw'abanyeshuri n'abakozi mu gihe c'ivyago. Inkurikirane zo gukura gushaingingiye



Kwiga gushemeye

Intumbero yo kwiga gushemeye ni guteza imbere no kubungabunga iterambere no gukura vyamahoro vy'umwigisha. BSD ikoresha uburyo bwa reta n'ubwo ngaho mu guteza imbere uburyo bwo kwiga gushemeye harimwo ubuyobozi bw'umwigisha, abasuzuma bo ngaho, n'amahuriro yo mu micungararo n'imyimenyerezo.

Mu 2024-25, abarezi ba BSD bazogira uruhara mu turyo two kwiga gushemeye nk'uko integuro ibivuga. Mu kuguma mu murongo w'ico tugenderako, ko Uwiga wese arageragezwa, ahabwa ububasha akanashirwa mu bikorwa, integuro y'urwego rw'ishuri rwo kwiga gushemeye izotunganywa hibandwa kuri kimwe mu bice bitatu bikuru vy'integuro harimwo:

1. Ingendo zo kwigisha kutavangura gushaingingiye ku rukoba
2. Kwishiramo no kurema ibikuranga
3. Kwiga kwimbitse mu bice birimwo



Amakuru ku mutaha

Umunsi w'inama y'umuji — Ku wa kabiri wa mbere wa Ntwarante — niho abatora basabwa kuraba umutaha w'ishuri. Urashobora kuronka amakuru ku gutanga icipuzo c'umutaha w'ishuri ku carico cose muri ibi:

- Urubuga rw'ishuri ry'akarere kuri: www.bsdt.org
- Raporo y'umwaka ku mwaka y'akarere, iriho ku bw'ababa mu muji muri Ruhuhuma
- Inama z'abayobozi b'ishuri
- Inama z'integuro hamwe n'ababany
- Iboneshakure y'inama y'umuji CCTV/Channel 17
- Imboneshakure Media Factory (BT 16 & 216/ Comcast 1094) n'urubuga: mediafactory.org/bsd
- Abaserukira ubuyobozi bw'ishuri (Ku makuru y'inomero, raba igipfukisho c'imbere c'iri tangazo.)



Gusuzuma kwa reta

Abanyeshuri bose bari mu myaka ya 3-9 bakora rimwe mu mwaka, ikibazo c'ibiharuro n'ubugirigiri bw'icongereza, hanyuma abanyeshuri bose bo muryaka ya 5, 8, na 11 bakora ikibazo ca reta c'ibijanye n'ubuhinga. Turategukanya umwanya w'ibibazo hagati ya Ntwarante na Ruheshi 2026.

Abanyeshuri bose bafatwa nk'abiga icongereza, harimwo n'abafise ubumuga bukomeye bwo mu mutwe, barakora ikibazo ca reta c'ubumenyi mu congereza kugira harabwe intambwe bateye mu kumenya icongereza kw'ishuri. Turategukanya umwanya w'ibibazo hagati ya Nzero na Ntwarante 2026.

Isuzumwa ry'igihugu ry'intambwe mu burezi (NAEP) ni ryo suzumwa ryonyene riserukira kandi rikibandanya ry'ivyo abanyeshuri ba America bazi kandi bashobye gukora mu vyigwa bitandukanye. NAEP ntitanga amanota ku munyeshuri umwe umwe canke amashuri; ahubwo, itanga umwimbu igendeye ku vyashitsweko mu cigwa kanaka n'ikivunga c'abanyeshuri. Isuzumwa ry'igihugu ry'intambwe mu burezi ritangwa inyuma y'imyaka ibiri, itangwa rikwirikiyeho ritegekanyijwe mu ntango za 2026.

<https://education.vermont.gov/student-learning/assessments/state-and-local-assessments>



Amagara y'umunyeshuri

Ishuri iryariyoye ryose rirafise ibiro vy'amagara aho servise zitangwa n'umuforomo yanditse, yemewe nk'umuforomo VT w'ishuri.

Mu gihe c'indwara, umwana wawe afise ibimenyetso mugumize muhira hanyuma uhamagare umuganga wawe w'umwana. **Abana bategerezwa kuba ata muriro bafise, guhitwa, canke kudahwa mu masaha 24 imbere yuko bagaruka kw'ishuri.** Nimba umwana agwaye mu muhogo, bategerezwa gufata imiti yica mikorobe amasaha 24 imbere yuko asubira kw'ishuri.

Ikigo c'ubuvuzi bw'abana muri America gisaba ko abana batagwaye bija kuraba umuganga umwaka ku mwaka. Nimba umwana wawe atarabonye na muganga mu mwaka uheze, hamagara ibiro vya muganga wawe usabe umubonano vuba hashoboka.

kumahitamwo zashizweho na reta kandi ziha abantu amahirwe yo gufata ingingo bahawe amakuru bishingiye ku kumenya muri uwo mwanya ikintu gitekanye cokerwa. Akarere kandi karazanye kuzitira uduce, Urukurikirane rwo gufata mu minwe ivyago vy'inyifato mu karere kose, n'imyimenyerezo yo gutabara kwa mbere nk'uburyo bwo gutabara mu vyago.

Raba urubuga rw'akarere ku ritonde rwose rw'ivyanditse vyo gutabara kwihutirwa kuri <https://www.bsdyt.org/about-our-school/emergency-procedures/>

Akarere kashizeho kugenzura abemererwa kwinjira n'amategeko yo gufata mu minwe abashitsi harimwo nyinshi mu ngingo z'umutekano z'inyubakwa z'amashuri:

Ibiranga: Gukwirikirana uwinjira mu nyubakwa z'ishuri, abakozi bose bakwiye kwambara ivyagombwa biriko amafoto yabo umwanya wose. Aha harimwo n'abigisha bose, abafasha abatanga uburezi, abayobozi, abakozi bo mu buhinga n'abafasha, servise z'imfungurwa n'abandi bakozi bafata mu mugongo.

Abashitsi: Abashitsi b'inyubakwa barasabwe gutera igikumu binjiye, banasohotse, no kwambara icerekana uruhusha rw'abashitsi ku muni w'ishuri. Abakozi barasabwa kuraba umuntu wese akuze adafise ivyo bimuranga canke uruhusha hanyuma akabarungika mu biro.

Imiryango: Amashuri arasabwa kugara imiryango yose ku muni wose w'ishuri. Abashitsi barabura gusaba kwinjira ibiro bikuru biciye mu buryo bwo kwimenyekanisha bw'ivyuma bifata amasanamu.

Uburyo bw'ibimenyetso: Ibimenyetso bishirwa ku nyubakwa zose biyobora abashitsi ku biro bikuru gutera igikumu binjira hamwe no kuronka uruhusha rw'umushitsi.

IBIBITSWE/AMAKURU Y'UMUNYESHURI

Abavyeyi/abarera umunyeshuri yanditse mw'ishuri ry'akarere rya Burlington barafise uburenganzira bumwe bumwe ku bijanye n'ibibitswe vy'uburezi akarere kabikira umunyeshuri wese.

Ubu bu-renganzira butangwa n'urwandiko rw'uburenganzira n'ubwigenge bw'uburezi mu muryango (FERPA).

Uburenganzira bw'umuvyeyi/Uwurera n'umunyeshuri yemerewe:

- Mu gusuma no gusubiramwo ibibitswe vy'uburezi bw'umunyeshuri mu gihe cumvikana.
- Gusaba ikosorwa ry'ibibitswe vy'uburezi vy'umunyeshuri mu gihe bikenewe.
- Kwemera gutangirwa amakuru y'umuntu we nyene avuye mu bibitswe vy'uburezi vy'umunyeshuri.
- Mu gutanga ikirego kijanye no kurenga ku mategeko y'ishuri ry'akarere rya Burlington ya FERPA n'igisata c'uburezi ca reta zunze ubumwe, ibiro vy'itegeko

ry'umuryango no gushira mu buryo, Washington, D.C. 20202.

- Isabwa ry'ivyabitswe vy'ishuri ry'akarere/ishirahamwe ry'uburezi bijanye no kwimuka kw'umunyeshuri ku rindi shuri.

Isuzumwa n'Isubiramwo ry'Ibibitswe vy'Uburezi:

Umuyobozi mukuru canke abandi bemewe b'ishuri bazogira impinduka zikenewe kugira binjire mu masaha asanzwe y'ishuri vyihuta bishoboka no kumenyesha umuvyeyi/uwurera canke umunyeshuri yemerewe ariko arabisaba mu mwanya n'ikibanza aho ibibitswe bishobora gusuzumirwa.

Gusaba impinduka z'ibibitswe vy'uburezi: Abavyeyi/abarera canke umunyeshuri yemerewe ategerezwa gusaba ishuri ry'akarere rya Burlington guhindura ibibitswe vy'umunyeshuri wiwe. Bakwiye kumenya igice c'ibibitswe vyabo bashaka ko bihindurwa canke bagasigura igituma bibaza ko bitari vyo, miyobeye canke birenga ku ku bwigenge bw'umunyeshuri canke ubundi burenganzira.

Gutanga amakuru ata ruhusha rw'umuvyeyi/uwurera: Ishuri ry'akarere rya Burlington rizotanga amakuru avuye mu bibitswe vy'umunyeshuri ata ruhusha rw'umuvyeyi/uwurera hisunzwe ivyitezwe vyo gutanga uruhusha vyemewe na FERPA, 99 CFR §99.31.

Amakuru ayobora: Akarere kazotanga amakuru bizwi nka "Amakuru ayobora" kiretse umuvyeyi/uwurera amenyesheje akarere ko amakuru adashobora kurekurwa. Amakuru akwirikira ni amakuru ayobora: izina ry'umuvyeyi/uwurera n'aho aba, email, izina ry'umunyeshuri, aho aba, inomero ya terefone, itariki y'amavuko, igistina, ibiro n'uko areha ku bagize imigwi y'abanonotsi, kugira uruhara mu bikorwa vyemewe n'akarere, amatariki yo kwitabira, impapuro z'umutsindo n'udushimwe vyaronswe, ifoto yo mu gitabo c'umwaka, amafoto y'ishuri, ishuri umunyeshuri aheruka kwitabira canke ishuri umunyeshuri yarungitsweko, mu gihe bishoboka. Aya makuru ashobora gutangwa mw'ibanga ry'abayobozi b'akarere canke umuyobozi mukuru w'ishuri.

Kugabanya itangwa ry'amakuru ayobora:

Nimba utipfuza ko ishuri ry'akarere rya Burlington ritanga amakuru ata ruhusha rwawe, abavyeyi/abarera canke umunyeshuri yemerewe ategerezwa gutanga igisaba canditse kizohabwa umuyobozi mukuru w'ishuri ry'umunyeshuri mu minsi 10 y'akazi uhereye kw'itariki y'itangwa ry'iri menyekanisha canke itariki umunyeshuri yiyandikishirije, ikiza inyuma muri vyo.

Gutanga ku bigisha canke abandi bemewe bafise inyungu z'uburezi:

Hisunzwe FERPA no ushira mu buryo kw'ayo, hamwe n'ivyanditse n'itegeko vy'ubuyobozi bw'ishuri, akarere

kazorekura ibibitswe vy'uburezi ku bigisha n'abandi bemewe b'ishuri bafise inyungu z'uburezi. Abo ni:

- Umuntu akora igikorwa kiri mu vyo asabwa canke ku masezerano.
- Umuntu akora igikorwa kijanye n'uburezi bw'umunyeshuri.
- Umuntu akora igikorwa kijanye no guhana umunyeshuri.
- Umuntu atanga servise canke inyungu ijanye n'umunyeshuri canke umuryango w'umunyeshuri, nk'ubuvuzi, impanuro, canke aho akazi kari.
- Umuntu akora igikorwa kijanye no kwitabira kw'umunyeshuri kw'ishuri canke ikindi kibazo gisaba gukomeza amategeko araba abanyeshuri.
- Umuntu akora igikorwa kijanye no gutuma hamba umutekano w'akarere, harimwo n'abanyeshuri b'ako.

Ku canditse cose, ja kuri www.bsdt.org.

IBISABWA VY'UMWIGISHA N'UWUFASHA YEMEWE.

Kubera ishuri ry'akarere rya Burlington rironka uburyo bw'umutwe wa I, Abavyeyi/Abanyeshuri, iyo bisabwe, barafise uburenganzira bwo kuronka amakuru ajanye n'uko umwigisha w'umwana w'abo akwije ibigenderwako ibisabwa n'ivyemeza, ko umwigisha yigisha akoresheje icemeza c'agateganyo, n'ico umwigisha yigisha biri ku rupapuro rw'umutsindo canke rwo kuminuza.

Nimba umwana aronka servise zivuye ku muntu afasha yemeye, ibisabwa vy'uwo afasah yemewe bitegerezwa gutangwa na vyo. Ni ubushake bw'akarere ko ata munyeshuri azokwigishwa n'umwigisha indwi zine canke zirenga adakwije ibisabwa biciye mu mwinyerezo n'uburambe. Abavyeyi/Abarera barafise kandi uburenganzira bwo kuronka amakuru y'ivyo umwana wabo yashitseko mu masuzumwa yose yo kw'ishuri ya reta.

SERVISE ZO GUFASHA KWIGISHA/ KWIGIRA MUHIRA

Abanyeshuri baremerewe kwigishirizwa muri rusangi habereye, muhira, canke mu bitaro mu gihe cose badashobora

kwitabira ishuri mu gihe c'iminsi 10 y'ishuri ikurikirana ku mpamvu z'ubumuga canke kwibungenga. Ku makuru kuri iyi servise, hamagara umuyobozi mukuru w'ishuri.

ISANAMU/IRERESI/IFOTO

Ishuri ry'akarere ka Burlington rikoresha gucungera hakoreshejwe amasanamu mu mpande zitandukanye no mu myanya itandukanye nka bumwe mu buryo bw'umutekano. Gufata isanamu/ireresi/ canke ifoto abanyeshuri mu gihe bagize uruhara mu bikorwa vy'ishuri bisaba kubitegura no kubisigura kandi bishobora kurenga ku mategeko y'urwandiko rw'ubwigenge n'uburezi bwo mu muryango (FERPA). Ishuri ry'akarere rya Burlington riratangira uburenganzira bwo kubuza gufata ireresi canke isanamu. Abavyeyi/abarera bashobora guhitamwo ko abana babo batofatwa isanamu, ireresi canke ifoto biciye mw'ikoresha ry'urupapuro rw'umuyeyi/umwera rutangwa umwak ku mwaka kandi ruri mu biro vy'ishuri. Ibikorwa nk'amahuriro y'udushimwe, inkino, guhez amashuri, ibiteramo, amahiganwa y'abanonotsi canke ibikorwa nk'ivyo bifise isura y'agaciro k'amakuru biruguruye ku bantu muri rusangi, rero, ibinyamakuru ntizbiri mu bigize iri tegeko. Mu gihe c'umuriro, isanganya canke ibintu bidasanzwe, Uwukuriye canke uwo yatumye azoraba ko abantu muri rusangi na/canke ibinyamakuru vyokwemererwa kwinjira kw'ishuri.

Iri tegeko ntiriraba gufata isanamu, ireresi n'ifoto bizokoresha n'abemwe b'ishuri bafise inyungu z'uburezi canke aho akazi gahurira n'ibindi vyitezwe vy'ibigenderwako vya FERPA. Gufata isanamu, ireresi canke ifoto y'umunyeshuri uwarawe wese atabizi canke ataruhusha rw'umunyeshuri birabujijwe, kiretse mu gihe bikoze nk'ingaruka z'ivyanditswe vy'umutekano bikoze vyamenyeshejwe kandi vyemejwe n'uwukuriye. Uwurenga kuri iri tegeko arashobora gufatirwa ingingzi z'ibihano.

GUTUNGA IKIGWANISHO

Umunyeshuri ubuyobozi bw'ishuri busanze, inyuma yo kumviriza, afise ikigwanisho yazanye kw'ishuri, harimwo bikorwa vy'ishuri, arashobora kwirukanwa gushika ku mwaka wose. Ikigwanisho kirimwo ariko ntikigarukira ku gicira umuriro, igikoreshe giturika, canke igikoreshe gishira mu kaga nk'ikintu gikarishe gishobora konona umubiri.

Ku vyanditswe vyose vyo gukorerako, ja ku rubuga rw'akarere www.bsdt.org/district/operational-procedures

Amagara y'umunyeshuri (ibibandanya)

Incanco

Amategeko ya reta ya Vermont asaba ko amashuri aronsa icemeza ko umwana wawe yacandazwe. Iyo kidatanzwe, umwana wawe ntashobora kuja kw'ishuri. Nta muntu ashobora kwiyandikisha nk'umunyeshuri mw'ishuri rya Burlington adafise icanditse kijanye n'umyaka canke casubiwemwobushasha (igitahuritse muri vyo) canke urupapuro rwemeza urucanco, canke icegeranyo cemeza kubikurirwaho kubera idini canke ubuvuzi.

Mu kworohereza:

- Tanga icemeza incanco zisabwa ku muforomo w'ishuri ryawe.
- Nimba umunyeshuri wawe abura na rumwe mu ncanc zisabwa, saba umubonnanoo kugira umwana wawe acandagwe n'abamuvura hanyuma uhamagare umuforomo w'ishuri abirabe.
- Tanga icegeranyo gikwiye ku bijanye no kubikurirwaho.

Incanco zisabwa ni ibiharuro bikwiye vya:

- Kuri PreK gusa: Hib na PCV.
- Ku banyeshuri ba PreK-6: DTaP (amacinya, ubukangwe na pertussis); polio; MMR (measles, amasambabwika, agasama); hepatitis B; na varicella (chickenpox).
- Ku banyeshuri bo mu w'7: Tdap.

Icemeza ko wacandazwe gitegerezwa guhabwa **abanyeshuri bose**. Impapuro zo kubikurirwaho bitegerezwa gutangwa umwaka ku mwaka.

Inda zo mu mushatsi

Abavyeyi/ Abarera bakwiye kuraba imtwe y'abana babo bato rimwe mu ndwi, n'imbere yo gusubira kw'ishuri inyuma y'ibiruhuko. Uburyo bwiza bwo kubikora n'ugukoresha igisokoza c'inda ukagichisha mu mushatsi w'umwana wawe. Ubonyemwo inda, umuforomo canke umuganga wo kw'ishuri ryawe arashobora kuguha impanuro zo kuzihonya.

Umwana wawe asanganywe inda zo mu mushatsi kw'ishuri, uzobimenyeshwa. Gusokoza cane kandi vyamaho i bwo buryo bukor cane bwo kuvura inda zo mu mushatsi.

BSD ikurikiza ababwirizwa y'igisata ca VT c'amagara n'ibigo vyo gucunga indwara. Ku yandi makuru woraba kuri: <https://identify.us.com/idmybug/head-lice/head-lice-FAQS/index.html> na/canke <https://www.consumerreports.org/medical-conditions/preventing-and-treating-head-lice/>

